



Pou Piblikasyon Imedya: 09/30/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANHEUSER-BUSCH AP KENBE 443 DJÒB NAN SANTRAL NEW YORK

Lidè brasri mondyal ak Konpayi senk premye pwodui konsomatè pral investi \$62 Milyon nan etablisman Baldwinsville

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Anheuser-Busch InBev, youn nan lidè mondyal brasri ak yon konpayi pwodui konsomatè, pral investi \$62 milyon nan etablisman Baldwinsville li a pou pèmèt pwodiksyon byè atizanal ak renove machinri ak ekipamn epi kenbe 443 djòb nan lokasyon Baldwinsville.

“Investisman sa ap kenbe plizyè santèn djòb epi ede Anheuser-Busch rete epi grandi isit la nan New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Anheuser-Busch se yon gwo motè aktivite ekonomik nan eta e mwen fyè dèske investisman sa pral prepare wout la pou pwochen kwasans nan endistri enpòtan sa a.”

“Li enpòtan pou investi nan nouvo kapasite kap amelyore operasyon nou yo nan brasri Baldwinsville, paske sa ap finalman pèmèt nou kenbe plizyè santèn djòb nou bay lokalman,” **te deklare Vis Prezidan, Pete Kraemer, Apwovizyonman ak alatèt brewmaster, Anheuser-Busch.** “Anplwaye nou yo ap travay pou pwodui pi gwo byè kliyan nou yo mande e sa demontre angajman nou nan rejyon an.”

Avèk orijin Ameriken ki date nan ane 1860 yo, Anheuser-Busch fonksyone 12 brasri prensipal nan Etazini epi dispoze yon pòtfèy plis pase 200 mak byè, enkli byè popilè peyi a, Bud Light. Nan Etazini, AB kenbe plis pase 46 pousan nan pataj lavant byè.

"Anheuser-Busch ap kenbe plizyè santèn djòb nan eta," **te deklare Komisyonè, Prezidan ak PDG Empire State Development, Howard Zemsky.** "Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, gwo konpayi mondyal yo konnen ke pa gen pi bon chwa pase Eta New York pou grandi epi elaji fonksyonman yo.

Brasri AB Baldwinsville pwodui plis pase 65 mak, se 1.5 milyon pye kare nan gwosè, e li ka anbake 180 kamyon pa jou. Baldwinsville te tradisyonèlman alavangad inovasyon ak kreyativite, e investisman sa ap ede yo kontinye inovè. Depi 2011, yo te investi plizyè dizèn milyon nan brasri Baldwinsville pou ajoute nouvo kapasite, ogmante efikasite epi soutni operasyon ki egziste deja.

Pou ankouraje Anheuser-Busch investi epi rete nan etablisman li yo nan upstate New York, Empire State Development, ajans delvopman ekonomik anchèf New York, te ofri konpayi an \$2 milyon nan pwogram travay eksèlisyò ki baze sou pèfòmans ak kredi taks.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418